

YON KOUT JE VIRE GADE DÈYÈ

SOU 20ÈM EDISYON MWA KREYÒL MONREYAL LA

ENFOLÈT


(VÈSYON FRANSE DISPONIB)

LANSMAN 20ÈM EDISYON MWA KREYÒL MONREYAL LA AK OMAJ POU JACOB DESVARIEUX

Samdi 2 oktòb nan Kolèj Ahuntsic, se te lansman 20èm edisyon «Mwa Kreyòl Monreyal» la. Defen Jacob Desvarieux, mizisyen epi chantè trè popilè gwoup Kassav la te resevwa yon kokenn omaj pou kontribisyon li nan batay valorizasyon lang kreyòl la. Apre plis pase 40 lane li t ap chante an kreyòl sou tout 5 kontinan yo, li te mouri nan Les Abymes, peyi li, jou ki te 30 jiyè 2021.

Nan bél sware espektak omaj sa a, KEPKAA te kontan dewoule tapi wouj pou resevwa yon bél reprezantasyon divèsite a nan lakou Monreyal. Se pou sa, nan pwogram te gen yon gwoup dansè otokton kanadyen, koral «Association des Retraités.es d'Origine Haïtienne du Canada et du Québec», atis gwadloupeyen, atis matiniken, atis brezilyen epi gwoup mizikal Kreyòlounge ki gen nan tèt li Jean-Christophe Germain, yon ansyen vylonis gwoup mizikal «Malavoi» a. Kreyòlounge te fè tout moun nan asistans lan danse epi sonje Cali, Malavoi, Kassav ak yon bann lòt ankò. Madam Émilie Thuillier, reprezantant vil Monreyal, ki se tou Majistra nan awondisman Ahuntsic-Cartierville, te pran lapawòl pou felisite KEPKAA pou kontribisyon li nan patrimwàn kiltirèl vil Monreyal la. Se yon espektak nou p ap ka blyie !





VANDREDI 8 OKTÒB 2021

Videyokonferans sou tèm : Kote kreyòl la soti ak kijan li grandi ?




Videyokonferans sa a, se «Association des Retraités d'Origine Haïtienne du Canada et du Québec» (AROHCQ) ki te organize li. Konferansye envite a se te Pierre-Roland BAIN, ki se fondatè «Mwa Kreyòl». Nan yon langaj klè epi senp, li te eksplike se gwo kriz ekonomik ki te blayi sou kontinan ewopeyen an nan 15èm syèk la, ki lakoz istwa lang kreyòl te vin kòmanse nan Guanahani (Bahamas), jou ki te 12 oktòb 1492. Pandan li t ap site tout sous li yo youn apre lòt, li te demontre, pafwa avèk konkou kèk mo vokabilè oswa kèk sitasyon, kijan yon dividal mo ki soti nan lang ewopeyen yo, nan lang afriken yo, ak nan fanmi lang arawak yo (Bahamas, Kiba, Ayiti), nan tan ale epi tan vini, te rive melanje, transfòme epi grandi pou ban nou jounen jodi a yon lang nou ka pale, nou ka ekri e ki gen yon ôtograf ofisyèl ak yon akademi ki la pou veye sou desten li. Dapre responsab teknik videyokonferans la, te gen plis pase 60 itilizatè entènèt ki t ap suiv prezantasyon an san manke yon segonn. Finalman, kesyon ak felisitasyon moun ki t ap koute yo te fe kwè yo te gen anpil enterè pou sijè a. Bravo AROHCQ !

SOTI 8 POU RIVE 10 OKTÒB 2021 CARNAVAL DES COULEURS

Woumble sa a te òganize pa Fondasyon BBCM. Li se youn nan patnè «Mwa Kreyòl nan Monreyal» la nan zafè pwemosyon. Li te byen reyisi angajman li pou li te ofri piblik la plizyè bon jan aktivite pandan l ap entegre divès kominote kiltirèl, etnik ak LGBTQ+. Pami atis tout moun konnen yo, te gen chantèz Kayshia Cassendo ak dansè li yo, chantèz Elizabeth Blouin-Brathwaite ak papa li Normand Brathwaite (mizisyen, animatè), sik Kalabanté, e pou fini chantè Corneille ki trè popilé.



SAMDI 9 OKTÒB 2021 KONFERANS SOU ZOUM AK «FEMMES ET TRADITIONS»



Aktivite sa a te gen anpil siksè. Se «Fanm ak Tradisyon» ki te òganize li. Li se patnè «Mwa Kreyòl Monreyal» nan zafè pwemosyon. Oratèz yo te prezante tout kalite enpak Covid-19 la genyen nan kominote lakay yo. Sijè a te enterese mesyedam entènèt anpil. Yo te pwopoze tou plizyè solisyon posib pou kenbe transmisyon tradisyon kreyòl yo byen vivan.

VANDREDI 15 OKTÒB 2021, NAN LEONARDO DA VINCI

Rebecca Jean, «rèn rèn chantrèl chante ayisyen jounen jodi a nan Kebèk.»

Se te 2èm patisipasyon atis la ak mèt tanbourinè li nan Mwa Kreyòl la. Pèfòmans yo te egal ak repitasyon yo. Piblik la te chame nètale, chantèz la te jwenn plizyè ovasyon damou nan asistans lan, tèlman moun yo te satisfè. Pawòl chante li te chante yo te voye tout moun al foye lwen lwen nan rasin yo. Nan premye pati espektak la, gwoup ICI, sou direksyon Réginald Germain, te fè kè tout piblik la kontan nan yon kokenn prezantasyon pyès teyat «Nou se kreyòl.»



DIMANCH 17 OKTÒB, NAN «COMPLEXE LA PROVIDENCE»

De gwoup «Rap Kreyòl» fè menkontre pou komemore 215èm lane lanmò papa Desalin.

Rap Kreyòl, mizik sa a yo konprann mal la, mizik sa a anpil moun ap tchwife san rezon an, antre ane sa a nan Mwa Kreyòl la pou komemore 215èm lane lanmò papa Desalin. Siksè a te klè kou dlo kòk. Plizyè moun te soti lwen lwen pou vin asiste espektak la. Pami yo, gen moun ki te soti jouk Drummonville. Tou 2 gwoup jenn sa yo, sètadi «514 empire» ak «Dj Abuelo», pa disiplin yo, pèfòmans yo, talan yo, rive voye jete byen lwen epi antere tout vye prejije ak kritik laprès konn mete sou do «Rap kreyòl» la. Pierre-Roland BAIN te pale sou inivèsalite libète a papa Desalin kite pou tout pèp sou latè. Li te li tou «Mèsi papa Desalin, yon powèm Feliks Moriso Lewa.

SAMDI 23 OKTÒB, NAN SAL «DU VRAI MONDE»

Fòlkò : Rankont kiltirèl Kanada-Ayiti ak Zile Moris

Se mizisyen ak dansèz gwoup Tipik Mru yo ki te anime premye pati espektak la. Mesyedam yo te chofe sal la ak bon jan mizik folklorik, chante, dans, bèl rad, bèl koulè zile Moris yo, san konte yon chay yayad. Se te yon vrè kanaval. Nan sal la, moun yo te te kontan anpil, preske yo tout te leve kanpe pou danse. Nan 2èm pati a, Mélissa Laveaux ki te soti nan vil Paris pou vini Monreyal espesyalman pou Mwa Kreyòl la, te akonpaye tèt li ak gita li pandan 50 minit. Li te fè piblik la dekouvi yon mòd entèpretasyon fòklò ayisyen an ki diferan.



DIMANCH 26 OKTÒB 2021, NAN «BIBLIOTHÈQUE MONTRÉAL-NORD»

«Dikte mwa kreyòl» la, te tounen yon lòt fwa ankò



Chak ane, depi plis pase 10 zan, aktivite sa a toujou gen plas li rezève nan pwogram Mwa Kreyòl la. Ane sa a, se te yon okazyon pou plizyè jenn timoun Ayisyen oswa Kebekwa, anvan yo te pran dikte a, te aprann jan «li ak ekri kreyòl» fasil. Se pa ti renmen yo te renmen eksperyans lan. Stacey ki gen 9 lane, apre dikte a te anonse tout klas la, li pral pran abitid ekri an kreyòl. Li pa te konnen jan sa te fasil. Nan pati kont lan, se yon te mèvèy, Marie Michelle Dimanche te rakonte 2 kont. Pami yo : ti piye zorany. Granmoun kou timoun te tonbe damou pou bèl kont li yo. Ak gita li, li te chante tou Ayiti cheri. Se pa ti kontantman ki te gen nan sal la. Pou fè kè timoun yo kontan pi plis, Maude Arsenault Martin, ajan lyezon bibliyotèk la, te fè yo kado plizyè liv an kreyòl.



SAMDI 30 OKTÒB 2021, NAN SAL «DU VRAI MONDE»

«Wesli band» klorire 20èm edisyon
«Mwa Kreyòl Monreyal» la

Se Tactik Polo ak Evens Succès ki te louvri sware kloti 20èm Edisyon Mwa Kreyòl Monreyal la. Toude mesye sa yo te mete yon anbyans san parèy nan sal la.



Tousuit apre premye pati a, «Wesli band» te monte sou sèn nan. Lè yo ta pral fini, youn nan espektatè yo te kriye byen fò : «moun ki pa te la yo, yo rate youn nan pi bèl espektak nan lavi yo». Pandan 90 minit, san pran yon minit poz, gwoup la ki gen ladan li 7 mizisyen plis larèn sanba Gaya Michel Élie, ki t ap danse, ki t ap chante san rete, te rive ak anbyans epi chalè mizik yo, mete kanpe tout asistans lan ki t ap bat bravo pou yo. Moun yo te swaf yon bon espektak konsa. Lè espektak la te fini, tout moun te kontan.



REMIZ PLAK ONORIFIK EPI SÈTIKIKA

Anvan sware a fini, KEPKAA te remèt divès patnè ak benevòl li yo plizyè plak onorifik e plizyè sètifikasi. Ak konplisite Wesli Toussaint, Pierre-Paul Makoumbé epi Maranie Courtois, mèt tanbou Romane Edmond ki gen ti non jwèt Dyòkidi, te resevwa yon sètifikasi espesyal pou kontribisyon li nan mizik. Asistans lan te apresye jès sa a anpil anpil.



REMÈSIMAN

Ak espektak 30 oktòb la, se 20èm edisyon «Mwa Kreyòl Monreyal» la ki bout toutbon vre. Ekip Kepcaa rive kwape tout difikilte ki te tonbe sou wout li pou li te ka rive fè edisyon sa a tounen yon kokenn siksè.

Mèsi anpil pou :

- Nou menm biblik la ki kite lakay nou pou nou vin asiste aktivite yo ;
- Nou menm patnè yo ki enskri aktivite nou yo nan pwogram ofisyèl la ;
- Nou menm atis yo ki fè Kepcaa konfyans, benevòl yo, fotograf yo, kameramenn yo, ajan sekirite yo, tout ekip Collège Ahuntsic la ;
- Madanm Emilie Thuillier, reprezantant vil Monreyal epi Majistra awondisman Ahuntsic-Cartierville pou ankourajman li yo ; John Wesli Delva pou animasyon yo, Frantz Corvil pou montaj foto, video epi foto yo ;
- Tout medya yo : CIUT 89.5 FM (Pot Pourri Show), CKUT 90.3 FM (samedi Midi Inter), Radio Centre-Ville 102.3 FM (Des mots pour le dire avec Frédéric Surpris, et autres), Afrik Caraib Montreal (Senaya Sène), 1280 AM (emisyon Ayiti Chéri), Radio Canada ;
- Ville de Montréal, Conseils des Arts de Montréal, Patrimoine canadien.

Mèsi tout moun, randevou kase pou 2022.

Sous : Sèvis komunikasion KEPKAA



INSCRIVEZ -VOUS POUR LA NOUVELLE SESSION

COURS DE LANGUE CRÉOLE

POUR MIEUX COMMUNIQUER AVEC LA COMMUNAUTÉ HAÏTIENNE, POUR MIEUX COMPRENDRE LEUR CULTURE

POUR INFO :
514 802-0546 - INFO@KEPKAA.COM
WWW.KEPKAA.COM



Librairie KEPKAA
La référence des cultures créoles et des peuples noirs

2000, boulevard Saint-Joseph Est, porte B
Montréal (Qc) H2H 1E4

Tél. : 514 750-8800
Télc. : 514 303-1558

librairie.kepcaa@videotron.ca
www.kepcaa.com

La librairie spécialisée de KEPKAA :
Komité Entènasyonal pou Pwomosyon kreyòl ak alfabetizasyon
Comité International pour la Promotion du Crèole et l'Alphabétisation